

Plon nan Dlo Moun ap Bwè

Enfòmasyon Rapid:

APÈSI:

- Tibebe, ak timoun piti, ak moun ansent espesyalman vilnerab pou plon ba yo pwoblèm sante.
- Plon kapab domaje sèvo moun, oswa ren yo, oswa sistèm nève yo.
- Pifò kontaminasyon plon yo soti nan pousyè penti ak kal penti ki seche.
- Pifò nan sous piblik ki bay moun dlo nan Massachusetts pa gen plon ladan yo, men kapab gen plon nan dlo tiyo lakay fè tiyo an plon, oswa soudi, oswa ansyen aparèy idwolik.

KISA OU DWE FÈ:

- Chèche konnen si kay kote ou rete a genyen penti ki gen plon oswa tiyo/aparèy idwolik ki fèt avèk plon.
- Mande doktè pitit ou fè yon tès pou timoun lan pou plon ak pou gade si li nan kote ki gen plon. Nan Massachusetts, yo oblige fè tès pou timoun lè yo rive gen 1, 2, 3, epi pafwa 4 an.
- Si ou ansent, mande doktè w si ou an danje pou w kontre avèk plon, epi si ou dwe fè yon tès.
- Sèvi avèk dlo frèt pou w bwè ak pou fè manje.
- Anvan ou pran dlo ki soti nan tiyo a, kite l'coule yon moman.
- Rele Sèvis Idwolik nan kote ou rete a, pou mande si kannalizasyon ki mennen dlo lakay ou fèt avèk plon, ak pou mande teste dlo lakay ou.
- Si yon tès dlo montre nivo plon nan dlo lakay ou pi wo pase nivo aksyon EPA 15 ppb a, epi ou ansent oubyen ou genyen timoun piti, ajans federal pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (Centers for Disease Control and Prevention) konseye pou w sèvi avèk dlo yo vann nan boutèy, oswa dlo filtre pou w bwè ak fè manje.

KI KOTE MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON?

MassDEP Drinking Water Program, pou enfòmasyon sou jan pou w fè dlo pase pou retire plon nan tib dlo lakay ou, ak pou enstalasyon tib dlo yo, nan nimewo 617-292-5770, oswa nan adrès program.director-dwp@mass.gov, oswa nan adrès www.mass.gov/lead-in-drinking-water

DPH Childhood Lead Poisoning Prevention Program, nan nimewo 1-800-532-9571 oswa nan adrès www.mass.gov/dph/clppp

DPH Bureau of Environmental Health, pou enfòmasyon sou sante oswa sou plon nan dlo pou bwè, nan nimewo 617-624-5757 oswa www.mass.gov/info-details/lead-in-drinking-water

KONSEY POU REDWI KANTITE PLON NAN LÈT BIBWON POU TIBEBE

Pou melanje lèt an poud pou tibebe avèk dlo ki soti nan tiyo:

- Sèvi avèk dlo **FRÈT**.
- PA** sèvi avèk dlo cho pou brase lèt an poud pou tibebe - dlo cho a pa elimine plon, menm si l'ap bouyi.
- Chofo lèt ki fèt avèk poud la sèlman, anvan ou bay tibebe a bwè li

Massachusetts Department of Public Health (Depatman Sante Piblik nan Massachusetts)

Bureau of Environmental Health (Biwo pou Sante Anviwonnan)

250 Washington Street, 7th Floor (7yèm etaj)
Boston, MA 02108

Telefòn: 617-624-5757 | Faks: 617-624-5183 | TTY pou moun ki pa tandé byen: 617-624-5286
www.mass.gov/dph/environmental_health

Mwa Me 2016
Haitian Creole

